

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun nganalisis 1) struktur lahir puisi, 2) struktur batin puisi, 3) struktur guguritan, jeung 4) éstétika dina buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking* karya Wahyu Wibisana. Data panalungtikan nyaéta sakabéh kumpulan guguritan buku *Riring-riring Tjiawaking* anu kakumpul jumlahna aya 46 judul ngagunakeun aturan pupuh sekar ageung (kinanti, sinom, asmarandana jeung dangdanggula) jeung sekar alit (pangkur, durma, mijil, maskumambang, pucung, jeung magatru). Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta 1) tiori Alton C. Morris nu nétélakeun unsur pangwangun dina puisi (struktur lahir) nyaéta diksi, kecap kongkrit, imaji, majas, jeung rima/ritme (purwakanti), 2) tiori I.A Richard ngeunaan hakékat puisi (struktur batin) nu diwangun ku téma, nada, rasa, jeung amanat, 3) tiori meunang Satjadibrata nu nétélakeun yén dina maluruh dangding (guguritan jeung wawacan) urang bisa nilik kana tilu perkara nyaéta réana padalisan (guru gatra), jumlah engang dina padalisan (guru wilangan), jeung sorana dina unggal tungtung padalisan (guru lagu), jeung 4) tiori ngeunaan éstétika nu ditétélakeun ku Djelantik, nu ngabagi unsur éstétika jadi tilu, nyaéta: wujud atawa rupa, bobot atawa eusi, jeung pintonan atawa *performace*. Méthode jeung téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif.

Struktur lahir puisi nu aya dina buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking* kaasup lengkep jeung variatif. Ieu hal dilantarankeun struktur lahirna mibanda kajembaran boh dina diksi, kecap kongkrit, imaji, gaya basa, jeung purwakanti nu nganteb dina unggal guguritanna. Struktur lahir nu kapaluruh nya éta 1) diksi, kapaluruh 46 kecap jeung frasa salaku sampel nu bisa ngawakilan tina téma; 2) kecap kongkrit, kapaluruh 46 kecap jeung frasa salaku sampel nu bisa ngawakilan tina téma; 3) imaji, kapaluruh kecap nu lolobana dina imaji panénjo, pangrasa, jeung gerak; 4) gaya basa, nu jadi cicirén nu ngagurit nyaéta gaya basa mijalma jeung lalandian 5)

Eri Fatria, 2021

KUMPULAN GUGURITAN RIRING-RIRING TJIAWAKING KARYA WAHYU WIBISANA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

purwakanti nu réa kapanggih nyaéta purwakanti pangluyu, lantaran ampir di sakabéh padalisan nu dijieun miboga purwakanti pangluyu.

Struktur batin nu kapanggih dina kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking* sakabéhna patali hiji jeung nu séjénna. Mimiti téma nu diangkat ku nu ngagurit, kana nada nu nyangkaruk di jero guguritanna, kana rasa nu bakal karasa ku pamaca sabada dibaca atawa dihaleuangkeun guguritanna, nepi ka amanat nu hayang ditepikeun sakabéhna patali hiji jeung nu séjénna. Struktur batin nu kapaluruh nya éta 1) téma nu kapanggih ngeunaan religi/filsafat Sunda, realitas kahirupan, jeung kaéndahan alam; 2) nada nu réa kapanggih dina guguritanna nyaéta lugas, nada séjénna nyaéta nyindir, ngalédék, jeung meupeujeuhan; 3) rasa nu kapanggih dina guguritanna réa nu ngagunakeun rasa waas, lantaran eusina perkara unsur-unsur alam, rasa séjén nu kapanggih nyaéta nineung/sono, pinuh kanyaah, banyol, gagah, ambek/pasrah, jeung wuyung; 4) amanat nu réa kapanggih nyaéta ngeunaan tapakur kahirupan nu disamunikeun ngaliwatan religi jeung filsafat Sunda.

Struktur guguritan dina buku *Riring-riring Tjiawaking* sanajan loba guguritan nu teu luyu jeung aturan pupuh ilaharna, tapi teu ngaleungitkeun ajén-ajén nu nyangkaruk di jerona. Guguritan nu teu luyu jeung aturan téh geuning aya kasangtukangna. Salasahijina kasangtukangna nyaéta pikeun ngudag pedotan sangkan bisa dihaleuangkeun dina tembang cianjuran.

Perkara éstétika dina buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking* nu ngawengku wujud, eusi, jeung pintonan nyaéta Wahyu Wibisana salaku salah sahiji sastrawan Sunda pohara nalingakeun éstétika dina karya-karya nu dijieunna. Ieu hal kabuktian lantaran sababaraha karyana diangken ku inohong Sunda minangka karya nu luhung. Sajabaning kitu, nepi ka dijieun rumpaka tembang cianjuran nu mangrupa salah sahiji pangajén kana karya-karya nu dijieun ku manéhna.

Jadi sabada ditalungtik, bisa dicindekkeun yén ieu buku kumpulan guguritan téh miboga struktur lahir nu lengkep jeung variatif lantaran réa kapanggih kekecapan nu katitén ahéng. Perkara struktur batin, antara sakabéh unsurna téh silih patali hiji jeung nu séjénna. Satuluyana perkara struktur guguritan, sanajan loba guguritan nu teu luyu jeung aturan pupuh ilaharna, tapi teu ngaleungitkeun ajén-ajén nu nyangkaruk di

jerona. Nu pamungkas perkara éstétika Wahyu Wibisana salaku salah sahiji sastrawan Sunda pohara nalingakeunnana kana unsur éstétika dina karya-karya nu dijieunna.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang kasusastraan hususna dina sastra guguritan, jeung widang éstétika nu engkéna bisa dilarapkeun dina ngahasilkeun hiji karya nu miboga struktur lengkep, variatif, jeung nyangkaruk éstétika nu luhung di jerona. Satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembarkeun paélmuan dina widang sastra, hususna dina ngulik struktur lahir tur batin puisi, struktur guguritan, jeung éstétika. Henteu saukur dina perkara guguritan wungkul, tapi bisa dilarapkeun dina ngulik wangun sastra puisi séjénna, saperti sajak jeung mantra.

5.3 Rékoméndasi

Tina ieu hasil panalungtikan, kapaluruh ayana sababaraha rékoméndasi nu ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan ditujukeun pikeun panalungtik, pikeun guru, jeung pikeun masarakat umum.

Pikeun panalungtik dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar. Pon kitu deui, dipiharep bisa nganalisis ieu buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking* ngagunakeun pamarekan séjénna.

Pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan jadi bahan dina ngajarkeun aprésiasi guguritan ka murid. Satuluyuna dipiharep hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung éstétika bisa dijadikeun bahan pangajaran sastra.

Nu pamungkas, pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweuh ngeunaan kasusastraan. Hususna dina sastra guguritan nu dianggap bangga pikeun dijieun lantaran kudu paheut kana aturan pupuh nu geus aya.